



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 07/05/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPLWAMAN AKSELERE NAN APLIKASYON TIKÈ MOBIL MTA eTix

Aplikasyon gratis la pral ede kliyan Metro-North ak LIRR achte tikè tren yo a nenpòt kilè sou aparèy mobil yo

Avèk orè deplwaman akselere, MTA eTix pral disponib pou tout kliyan Metro-North ak LIRR yo nan fen ete 2016 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse deplwaman akselere MTA eTix, yon aplikasyon gratis ki pral pèmèt kliyan tren Long Island ak Metro-North achte tikè tren yo a nenpòt kilè, nenpòt ki kote sou aparèy mobil yo. Aplikasyon an, te pwograme pou l fini nan fen ane 2016 la, pral disponib kounye a pou tout pasaje yo nan fen ete a.

“Administrasyon nou an rete angaje pou devlope yon sistèm rezo transpò kap reponn a bezwen vwayajè yo ki konte sou transpò piblik, e lansman aplikasyon MTA eTix se yon gwo etap delavan nan efò nou,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo aplikasyon sa mete pasaje yo anvan lè li elimine liy tikè epi ede Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo ale kote yo bezwen avèk plis libète ak konvenyans pase anvan. Nou pral kontinye kreye yon sistèm transpò 21^{yèm} syèk ki entegre inovasyon pou asire ke nap bati yon New York ki pi solid, pi konpetitif.”

“Gouvènè Cuomo te mande nou pou fè aplikasyon sa disponib jeneralman opli vit ke posib, e nou te reponn avèk yon orè deplwaman agresif ki pral fè MTA eTix disponib pou tout pasaje LIRR ak Metro-North anvan fen mwa out,” **te deklare Prezidan ak PDG MTA Thomas Prendergast.** “Avèk lansman nouvo aplikasyon sa pasaje yo ka achte tikè yo kèlkeswa lè ak kote yo vle, e sa vle di plis chwa, ak pi gwo konvenyans.”

Kliyan LIRR ak Metro-North ka tcheke orè, gade kondisyon sèvis la, epi achte tikè yo san yo pa rete tann nan liy. MTA eTix ofri zouti pou jere kont, bay kliyan tren yo kapasite pou garanti ranbousman pou tikè mobil ke yo pa itilize, mande kopi resi ak jere enfòmasyon sou pwofil tankou modpas epi relye nimewo kredi kat. MTA eTix ap premye kòmanse sou branch LIRR Port Washington ak liy Hudson Metro-North mwa pwochen. Apre yo fin entwodui aplikasyon an sou de liy tren yo, MTA ap mete disponib tikè elektwonik pou tout kliyan tren Long Island ak Metro-North nan fen ane 2016. MTA eTix ap aksesib tankou yon aplikasyon otonòm oswa atravè aplikasyon popilè TrainTime, kote kliyan yo ka tcheke orè tren yo epi gade detay sou sèvis la. Pou gade aplikasyon an, klike [la](#). Pou aprann plis sou aplikasyon an, klike [isit la](#). Kliyan yo ki prefere tikè pape pa pral afekte pa nouvo aplikasyon an.

Moun ki enterese pou yo gen aksè nan Aplikasyon MTA eTix ka fè sa nan lyen anba a:

[Pou aparèy iOS](#)

[Pou Aparèy Android](#)

Aplikasyon eTix la pral disponib pou tout liy yo sou chemendefè Long Island ak chemendefè Metro-North nan semèn kap vini yo:

30 Jen: MTA eTix disponib sou LIRR Port Washington Branch & liy Hudson Metro-North

Semèn 25 Jiyè: MTA eTix ap vin disponib sou Liy Metro-North Harlem

Semèn 22 Out: Enplemantasyon konplè laj sistèm MTA eTix, kòm aplikasyon an ap vin disponib sou rès Liy LIRR ak Metro-North New Haven

Avèk MTA eTix, kliyan yo ka telechaje aplikasyon an epi enskri pou yon kont, chwazi tikè yo vle achte a epi antre enfòmasyon kat debi oswa kredi. Apresa yo pral anmezi pou monte tren an nan twa etap senp:

1. Achte yon tikè lè ou antre enfòmasyon sou orijin ak destinasyon an, epi chwazi kalite tikè (ale senp, 10-vwayaj, chak semèn oswa chak mwa). Apresa yo anrejistre tikè a nan yon “pòtfèy tikè” elektwonik ki prezante aplikasyon an.
2. Anvan ou monte tren an, rale tikè a nan pòtfèy tikè a epi aktive tikè a lè ou tape sou bouton “aktive tikè”.
3. Lè yon kondiktè vini nan tren an pou mande tikè, afiche tikè ki aktive a, epi tou senpleman montre kondiktè a ekran smartphone lan. Kondiktè yo pral vizyèlman valide tikè mobil la lè yo gade nan ekran an. Kòm deplwaman ap pouswiv, kondiktè yo pral itilize yon aparèy alamen pou eskane tikè mobil yo.

Lansman aplikasyon eTix MTA te disponib apre yon tès sou teren an ki gen siksè, pandan tan sa apeprè 150 kliyan ki vwayaje sou branch wout chemendefè Long Island Port Washington oswa liy Hudson Metro-North te teste aplikasyon an. Toulède kondiktè ak kliyan kap patisipe yo te kontwòle pèfòmans aplikasyon an, epi rapòte nenpòt pwoblèm ke yo te rankontre avèk ekip devlopman aplikasyon an. Rezilta sondaj yo te endike satisfaksyon avèk aplikasyon an, e 92-pousan patisipan pilòt yo te endike ke yo te satisfè anpil oswa yo te yon ti jan satisfè avèk aplikasyon an e 94 pousan te deklare ke yo te gen anpil chans oswa yon ti chans pou itilize aplikasyon an lè li fin soti.

Aplikasyon MTA eTix te devlope pa Masabi, Ltd., sa ki gen egalman pwogram tikè elektwonik mobil pou pasaje tren MBTA yo nan Boston, NICE Bus sou Long Island, ak Metrolink nan Los Angeles. Yo te chwazi Masabi nan mwa avril 2014 apre yon demann konpetitif pou pwopozisyon ki te fèt nan mwa Mas 2013.

Ane pwochen, MTA prevwa pou l fè aplikasyon MTA eTix vin pi aksesib lè li pèmèt kliyan LIRR ak Metro-North yo kap transfere nan oswa apati tren Vil New York oswa Bis Vil New York pou peye pri tikè yo lè yo itilize yon aplikasyon inik ak yon sèl kont transpò.

Anons sa vini an konsè avèk emisyon MTA pou demann pwopozisyon pou kreye yon nouvo sistèm peman tikè pou tren ak bis MTA Vil New York , MTA Bus, ak tren Staten Island. Sistèm nan pral fonksyone antyèman avèk aplikasyon MTA eTix, e li ofri yon varyete fason pratik pou peye tikè yo, enkli nan smartphones, anpil kat bank ak kat ki peye alavans.

###

Wap jwenn lòt nouvèl disponib nan www.governor.ny.gov
New York State | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418